# ГЬУДУЛЛЪИ
# ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 48 (10299)

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 24 июнь /Рузман


# «ГЬАРУЛА, КIОЧОН ТОГЕ»



1941 соналъул 22 июнь, Москваялъул заман 12 сагIатгун 15 минут. Гьеб заманалъ радиоялдаса лъазабуна нилъер Улкаялде фашистияб Германиялъ гьужум гьабун бугилан ва рагIинабуна рагъ байбихьи.

Гьелдаса хадуб 1418 сордо-къоялъ халат бахъараб, тарихалъулъ бищунго вахIшияблъун жиб араб гьеб рагъулъ СССРалъул шагьидлъана 27 миллионалде гIагарун чи.

Кьалул майданалда хутIаралги, рагъдаса тIадруссун хваралги.

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIиги, тылалда хIалтIулаго, ракъи-къечги гIакъуба-къварилъиги хIехьон, Бергьенлъи гIагарде гьабурал киналгоги ракIалде щвезарун гьеб сагIат-минуталъ (12:15) рагIинабуна ТIолгороссиялъулаб минуталъулаб сихIкъотIи.

Кибго гIадин, нилъер районалдаги гьеб пашманаб къоялда хурхун тIобитIараб митингалда, минуталъулаб сихIкъотIиялда ракIалде щвезаруна рагъда хваралгун тIагIаралги, рагъдаса тIад руссарал, амма жакъа нилъеда гьоркьов цонигияв хутIичIев рагъул гIахьалчагIи-районцоялги.

Митингалда гIахьаллъарав районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас абуна:

**-Жакъа нилъеца ракIалде щвезарулел руго КIудияб ВатIанияб рагъул кьалул майданалда шагьидлъаралги, араб бакI лъачIого тIагIаралги, фашистазул лагеразда гIакъуба кьуралги, тылалда хIалтIулаго, ракъиялъул хIал бергьун хваралги киналго. Гьез жидерго гIумру кьун цIунана ВатIан, хадусел гIелазул букIинесеб, ракьалда тIад рекъел. МустахIикъго тIубана гьез жидедаго тIадаб налъи, цIоб гьечIеб рагъулъ босана Бергьенлъи. Нилъеда тIадаб буго бахIарчиял умумузул гьунарги, къуркьигьечIолъиги, ВатIан бокьиги кIочене течIого, хадусел наслабазухъе кьей ва гьезул мисалалда гIунрачIунел гIелал куцай.**

**КIудияб Бергьенлъи босаразулмустахIикъалирсилалжалго рукIин нилъер гIолилаз бихьизабулеб буго жакъа ВатIаналъул хIинкъигьечIолъиги цIунун фашизм тIагIинабиялъе гьабулеб къеркьеялъулъ,**-ян.

Болъихъ ва ГIахьвахъ районазул рагъулав комиссар АлбегхIажи УмайхIажиевасги митингалъул гIахьалчагIиги ва киналго районцоялги ахIана вахIшияб рагъулъ Бергьенлъи босарал, гьелъие гIоло гIумру кьурал, гIакъуба-къварилъи бaччарал киналго заман анин, сонал сверанин абун кIочене течIого, мустахIикъаб адаб-хIурматгун ракIазулъ цIунизе.

Ракълил гIаламат-хъахIабмиккил суратaлгун зодоре роржине риччана шарал ва гьелдаса хадуб памятникалда цере лъуна тIугьдул-багIарал гвоздикаби.

Митингалъул гIахьалчагIазе кIочонареб асар гьабуна "Гьарула, кIочон тоге"-абураб номергун цере рахъарал "Родничок" ясли-ахалъул гьитIичаз.

Райадминистрациялъул азбаралда 21 июналъул сардилъ тIобитIана акция "Свеча памяти".

Акциялъул гIахьалчагIаз ракана хIедучирахъал ва гьел лъуна солдатасул, интернационалистазул ва халкъияб ополчениялъул бахIарчилъиялъе бараб памятникалда цере.


**Районалъул бетIерасул пресс-секретарь С. Сайпуева.**








# Имам Шамил гьавуралдаса-225 сон

## 1830-1859 СОНАЗДА КАВКАЗАЛЪУЛ РАГЪАЗДА ГIАХЬАЛЛЪАРАЛ НИЛЪЕР НАИБЗАБИ

### КIАРАЛАЗУЛ НАИБ ШОДРОДАСА ХАЛИД



ГIалил вас Халид гьавуна КIаратIа росулъ. Лъимерлъиялда эбел-инсуца гьесда лъураб цIар Кьукьулав абун букIун буго. КIаратIа бугеб гьесул гIагарлъи букIана Дагъистаналдаго машгьураб. Гьесул инсул вац ГъалбацIдибир вукIана гIалимчи, имам Шамилида цадахъ байбихьудаса ахиралде швезегIан вагъарав бахIарчияв наиб, жиндир цIар тарихалде жанибе арав.

Имам Шамилил бетIерлъиялда гьоркь пачаясул Россиялде данде магIарулал рахъиндал Кьукьуласги босана кодобе ярагъ. Шамилида цадахъ гьес гIемер рагъазда гIахьаллъи гьабуна.

Имамасе мутIигIлъичIого, пачаясул рахъалда чIун ругел Унсоколосезде имамас гьарана мукIурлъун, жидер рахъалда рачIаян, амма гьез гьесул амруялда гIинтIамичIо. Унсоколо росдал бакъулъ бугеб гIурусазул хъаладухъги чIун, гьез чIухIи бихьизабуна. Гьеб хъала бахъизе тIадкъана ГIандадерил, ТIехIнуцаллъиялъул ва КIаралазул мюридаздаса данде гьабураб бодул цевехъан Кьукьуласда. КIиго къоялъ хIалуцараб рагъги гьабун, гьенир рукIарал пачаясул армиялъул солдатазулги ва Унсоколоса мунапикъзабазулги харбие чи течIого гъурун, кверде босана гьеб хъала. Бодулазе гьениса гIемер ярагъ, гуллахер ва гIарадаби щвана. Гьелдаса вохарав имам Шамилица Кьукьуласда убач гьабуна ва гьесул цIар хисун Халид дуда рекъолин ахIана.

КIаратIа ва Шодрода ругел Халидовазул фамилия лъугьун буго имам Шамилица Халидие бахIарчилъиялъухъ кьураб цIаралдаса.

Халидица ячун йиго Шодродаса ХIамзатхIажиясул гьитIинай яц.

КIаратIа наиблъун вугев Шамилил вас ГъазимухIамадил лъадудехун наиб ГъалбацIдибирасул вас ХIадисил рокьи ккун бугилан мацIал хIалтIизарун руго. Гьелда божарав ГъазимухIамадица, ХIадис чIвала ва гьелдальун кIаралаздаги имамасдаги гьоркьоб кIудияб кьогIлъи ккола. Хасго, Халидица жиндие хирияв вацгIал чIвай, цIакъ ракI унтун, тIаде босулеб букIун буго, жидер ракьалдеги вачIун имамасул вас гьев вугониги, гьесдаса бидухъ къисас босичIого теларилан. Амма иш гьелде биччачIого, чIварав инсул вац ГъалбацIдибирас имамасулгун рекъел гьабула. Халидие гьеб рекIее гIун гьечIо ва гьев хIажатавлъун ккун вуго росулъаги нахъе ун, чIужуялъул росулъе Шодроде вачIине.

Имам асирлъуде ун хадуса Дагъистаналда рилъанхъизаруна тIарикъаталъулгун Россиялъул пачаясул законал. Гьел законал рилъанхъизаризелъун хIалтIаразул тIоцевесезул цоявлъун вукIана Халид. 1860 соналда гьев тIамуна Дагъистаналъул кIудияв диванбегIлъун (судья). Гьенив хIалтIулаго гьесие жеги цIикIкIараб машгьурлъи щвана. Шамил имамас кьураб цIаралдеги халкъалъ тIаде жубана Халид-Апанди (гIараб. Апанди- гIакълу-лъай бугев) абун.

Нужеда бихьулеб гьаб Халидил сурат бахъун буго, 1860 соналъ сураталъ рахъизе Дагъистаналде тIоцере рачIарал гIурусазул фотографазул цояв А. Роиновас. Заман иналъ тIогьиллъараб, гьеб хIакъикъияб сурат цIунун буго, гьоб заманалъго цебе цIерги лъун гьабураб, гьитIинабго рамкаялъуб Халидовазул рокъоб.

Халид-Апанди хвана 90 сонил гIумруялда. Вукъун вуго КIаратIа росулъ.

Жакъа къоялда; КIаратIа ва Шодрода ругел Халидовазул наслудул чагIи руго гIакълу-лъайги ва кигIанги гIадамазда гьоркьоб жидер кьадру-къиматги бугел, машгьурлъи щварал ирсилал.

Имам Шамилил гIакълучилъун вукIарав ЮсупхIажил баяназда рекъон, 1856 соналъ Имаматалда 33 наибги 15 азарго рагъухъанги вукIун вуго.

### НИЛЪЕР БАХIАРЧИЯЛ МЮРИДЗАБИ

Цо наибзаби гурел нилъер районалъул росабалъа нус-нус васал рагъулел рукIана наибзабаз гIуцIараб боялде гьорлъеги лъугьун, имам Шамилил хьолбохъги чIун. Гьезул гIемер мюридаз гIумру кьуна ва гьел кьалул байдабазда хутIана.

Гьединазул цояв ккола 1847 соналъ СалтIа росдае гIоло гIумру кьурав, имам Шамилил бахIарчияв мюрид, АнсалтIаса ГIумар. Гьев вукъун вуго СалтIа цо минаялъул азбаралъув.

*1839 соналъ «АхIул гохIда» рагъулел рукIана Шодродаса лъабго чи-мюрид, кIигояв гьенир шагьидлъун руго, гьезул цояв, МухIамад гьеб жужахIалъул короница лъутун ворчIун вуго. МухIамадал росулъ гIемерал рукIиналъ гьесда тIокIцIарги лъун букIун буго «АхIул гохIилан».

1857 соналъ Буртунаялъул ракьалда ккараб кIудияб рагъда, имам Шамилил рагъухъабазе ккун руго чIахIиял камиял. Гьенир чIван руго: багулазул наиб Хелекьурисев Шамхал, ТIехIнуцаллъиялъул наиб Болъихъа ИсмагIил, Гьигьалъа наиб ГьитIинав, гьединго гьенир шагьидлъун руго 300 ва лъукъун руго 450 мюридзаби.

Гьенир рагъула рукIарал Шадрадерил кIигояв араб бакI лъачIого тIагIун вуго.

Имам Шамилил нухмалъиялда гьоркь пачаясул Россиялде данде рагъ гьабулел соназда, нилъер районалъул росабазул гIемер гIолохъабаз гIахьаллъи гьабун буго ва гьезул цо-цоял кьалул байдабазда шагьидлъунги руго. Аллагьас мунагьал чурайги гьезул…

Нилъеда лъаларо гьел рукъун ругел бакIал ва цIунун гьечIо гьезул цIарал. Гьелдехун кIвар кьолел нилъ гьечIолъиялъ, гьел бахIарчиял умумузул гьунарал рилизе тун руго…

Нилъеда тIадаб буго гьезул цIарал чIаго гьаризе ва районалъул тарих бечед гьабизе.

**Салман ХIасбулаев.**

| п/п № | Наиблъи | Наибасул цIар | Рагъухъабазул | | къадар |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Рек1арал | лъелал | киналго |
| 1 | ТIинди | Хелекьуриса Шамхалдибир | 300 | 400 | 700 |
| 2 | КIаратIа | Генуса Гъазимух Iамад | 350 | 250 | 600 |
| 3 | ГIанди | КIаратIаса Гъазиявдибир | 300 | 200 | 500 |
| 4 | Гьарадерихъ | Харахьиса МухIамадамин | 200 | 350 | 550 |
| 5 | Г умбет | Аргъваниса Абакардибир | 250 | 200 | 450 |
| 6 | Салатавия | ЧIикIаса МуртазагIали | 140 | 160 | 300 |
| 7 | Хунзахъ | Инквачиласул Дибир | 200 | 250 | 450 |
| 8 | Къорода | СалтIаса ГIумардибир | 100 | 200 | 300 |
| 9 | ГьаракIуни | Бартиханил Ибрагьим | 150 | 250 | 400 |
| 10 | ЧIамалал | Гьигьалъа ГIабдулкъадир | 150 | 250 | 400 |
| 11 | ТIехIнуцал | Болъихъа ИсмагIил | 200 | 360 | 560 |
| 12 | ТIадбурти | ТIадбуртиса Гьада | 200 | 250 | 450 |
| 13 | Унсоколо | ИчичIалиса Къади | 200 | 250 | 450 |
| 14 | Ичкерия | Ведениса Идил | 100 | 200 | 300 |
| 15 | Шобот | Шоботиса БатIакIо | 200 | 300 | 500 |
| 16 | Гьидалъ | Гьидалъа ГьитI ин | 200 | 300 | 500 |
| 17 | ЦIунтIа | ХIажияв | 100 | 350 | 450 |
| 18 | Анкьракь | Батрак МухIамадгIали | 50 | 250 | 300 |
| 19 | Анцухъ | Анцухъав Шагьав | 100 | 150 | 250 |
| 20 | Сугъралъ | Сугъралъа Нурмух I амад | 150 | 300 | 450 |
| 21 | ЧIохъ | ЧIохъа ГIинкъав ХIажи | 200 | 350 | 550 |
| 22 | Кьурукьлъи | Бакълъухъа МухIамад | 100 | 150 | 250 |
| 23 | ТIелекь | ХIамзатхIажи | 150 | 200 | 350 |
| 24 | ЧIанти | Шодродаса ХIамзатхIажи | 250 | 400 | 650 |
| 25 | ГъоцIалъ | ГIахъушаса Абакарх Iажи | 150 | 250 | 400 |
| 26 | Ункъракь | Хатил МухIамад | 150 | 320 | 470 |
| 27 | Къарахъ | ДибирхIажиясул ХIажияв | 120 | 180 | 300 |
| 28 | Кьесер | Даниял-султ Iан | 250 | 300 | 350 |
| 29 | Ехи | НурикIоялдаса СагIдула | 100 | 230 | 330 |
| 30 | ГIавухъ | Гендергеналдаса Хьату | 200 | 330 | 530 |
| 31 | Мичик | Нойборалдаса Эски | 220 | 360 | 580 |
| 32 | Шали | ДавудхIажи | 200 | 350 | 550 |
| 33 | Шарой | Асланкъади | 150 | 230 | 380 |

# ХIаракатай хIалтIухъан ва гIуцIарухъан



"Сахаватлъи гьабурав кIодолъиялде щола, гIаданлъиялда хьвадарав борхалъиялде вахуна"-абураб гIакъилаб аби буго магIарулазул.

Гьел рагIаби абизе бегьула кIвахIлъаларей хIалтIухъан инсанги вокьулей, гIаданлъиги чорхолъ бессарай СалихIат Дамадановалъул цIар рехсолаго. СалихIатил гIумрудул болъаби ва гьезул тIадегIанаб болъолде гьей яхиналъе аслияб гIиллалъун буго инсанлъиялъулаб намус чорхолъ бугей ва тIаде босараб иш гIумруялде бахъизе хIаракатчилъи бихьизабулей ва бажарулей йикIин.

Дица хIукуматалъул хIалтIуда бан буго кинабгIаги 53 сон. Гьелдаса 28 сон гIадамазе хъулухъ гьабиялда, Болъихъ районалъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул отделениялда хIалтIулаго.

Дие бокьун буго цо чамго рагIи абизе дирго эбел-инсул хIакъалъулъ.

Эмен ккола дир Дамаданов Насрула Турачевич, Болъихъ росулъ гьавурав магIарулав, хIалтIулев вукIана МахIачхъалаялда ДАССРалъул Верховнияб судалъул председательлъун ва гьединго гьев вукIана РФ -ялъул Верховнияб судалъул коллегиялъул членлъун. Чорхол сахлъи дагьлъиялда бан гьев хIалтIизе лъугьана ДАССРалъул адвокатазул коллегиялъул председательлъун.

1980 соналъ къадаралде щвана эмен.

Дир эбел йикIана ГIабдулкеримова ПатIимат ХIажиевна, лакай, ГIахъуш районалъул Улучара росулъай. Гьейги йикIана юрист.

17 соналъ хIалтIана батIи-батIияб районазда прокурорлъун. Болъихъ районалда хIалтIана адвокатлъун.

1964 соналъ аварияалдеги ккун къадаралде щвана гьей.

Дир эбелалъул эбел, Юсупова СалихIат 20-25 соналъ хIалтIана Улучара росулъ советалъул председательлъун. Дун чIухIулаан дирго эбел-инсудаса. Гьез дие кьуна лъикIаб тарбия-лъай, малъана гIадамаздехун сабру бугей, кьимат бугейлъун йикIине. ГьитIинаб мехалъ нилъее гьединаб жо бичIчIуларо, амма гIураб мехалъ кутакалда рес гьечIеблъун батула гьеб гIумрудулъ.

Дир гIолохъанаб гIелалда гьари буго-эбел-инсул кьимат гьабе, гьезул адаб гьабе, гьел рокье. Щай гурелъул, нилъее гьез гьадигIан берцинаб гIумру кьун буго. Нилъ эбел-инсуда цере бецIун бажарулареб налъуда руго".



*С. Дамаданова культураялъул рукъалъул коллективалда гьоркьой 1987 сон*

Дица хIалтIулаб нух байбихьана Болъихъ районалъул Муни росулъ 1969 соналъул 1 сентябралъ, гьеб росдал гьоркьохьеб школалда директорасул заместительлъун хIалтIулаго. Хадуйго хIалтIана лъабго соналъ гьеб школалъул директорлъун. Гьений хIалтIулаго дие кIудияб квербакъи гьабуна С. Зикрулаевас. Гьениса унаан ниж хIалтIул хIалбихьи цоцазухъе босизе ва кьезе Кванхидалъ, ГIортIаколо школазде.

Лъабго сонидаса дун ячана учительзабазул кабинеталъул заведующийлъун ОНОялде. Кьокьабго заманалда районалъул тIоцевесев секретарлъун хIалтIула вукIарав мунагьал чураяв Гьази. Ангутаевас дун ячана пропагандаялъулгун агитациялъул отделалъул инструкторлъун. Гьений хIалтIулаго гIемер дандчIвалаан Ражабдибирова Сакинатгун. Дие кутакалда кIудияб кумек гьабуна гьелъул малъа-хъваяз. Дие бокьун буго гьелъие баркала кьезе, гьель дие гьарурал насихIатазухъ ва малъа-хъваязухъ. Инструкторлъун хIалтIулаго дун йищана райкомалъул партиялъул секретарлъун. Цинги дун ячана РК КПССалъул гIаммаб отделалъул заведующийлъун.

1978 соналъ дун йитIана Ростовалда бугеб партиялъул тIадегIанаб школалда (ВПШ) цIализе.



Гьеб мехалда дун йикIана тIоцеесей чIужугIадан районалда гьеб школа лъугьарай. 1980 соналъ, райкомалъул хIукмуялда рекъон, дун тIамуна Болъихъ районалда рагъун букIараб Астраханалъул "Прогресс" заводалъул филиалалде партсекретарьлъун. Заводалда хIалтIулев вукIана 1500 чи, гьездаса 70 процент руччаби. Районалда гьеб заводалъул букIана кIудияб квербакъи гIолохъанаб гIелалъе хIалтIуе, гьудуллъи щулалъиялъе. Гьеб завод букIана нилъер районалъул гуребги, тIолабго Дагъистаналъул чIухIилъун. ЛъагIалидасан дун йищана районалъул советалде депутатлъун, гьединго райисполкомалъул председателасул заместительлъун.

Дие бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе дир гIумрудул нухда дандчIварал лъикIал гIадамазе. Гьел ккола ГIалиев МухIу Гьимбатович, ЯхIяев МухIамад МухIамадович, ГIабдулбасиров АхIмад, Чупанов Абакар, ЗайнулгIабидов МухIамадхIажи., ШагIбанов Камалудин, ГьазимухIамадов Д.Д.

1994 соналъул май моцIалда районалъул администрациялъул хIукмуялда рекъон, дун тIамуна хIалтIизе районалъул гIадамазе хъулухъ гьабулеб централъул нухмалъулейлъун. Цойги нухалъ бокьун буго дие баркала загьир гьабизе цIарал ккун рехсечIонги, дир хIалтIулъги гIумруялъулги дандчIварал сахаватал, гIаданлъи чорхолъ бессарал рикIкIен гIемерал гьудулзабазе. Гьезул рахъалдаса кумекги, рахъкквейги камун дун хутIичIого. Киназего сахлъиги кьеги. гIумруялда баракатги лъеги.

Дун йохарай йиго 28 соналъ гIадамазе хъулухъ гьабулеб учреждениялда хIалтIизе щвелдаса. РукIун ратила дирги хIалтIуда гIунгутIаби, хьачIлъи хIалтIухъабаздехун, дица гьарула дида тIаса лъугьаян.

Ахиралда дие бокьун буго ракI-ракIалъ гьаризе районцоязе рекъел, щибаб рокъоб талихI, роххел, аваданлъи.

**"Гьудуллъи" цIалулезе адабхIурматгун захIматалъул ветеран СалихIат Дамаданова.**



**Газета гIуцIарал:**

**«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**Директорасул ишал тIурален**
**А. Агъларов**

**Мухбирзаби:**
**ГI. МухIамадова**
**П. Дибирова**
**П. Камилова**
**М. МухIамадова**
**ХI. ХIасанхIажиев**

**Фотокорреспондентал:**
**К. Камилов**
**Ш. МуртазагIалиев**

**Корректор**
**П.МухIамадова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

*Индекс: 368970*
*Адрес:*
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103
*Телефон:*
*Директорасул 8928 680 50 42*
*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -800 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года. ПИ № ТУ 05 - 00381**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**

# ХъантIиялъ лъикIлъиялде рачунаро

ВукIанила вукIинчIила ракьалда цо залимав хан. Жиндирго ханлъиялда гьес зулму гьабичIого тарав чиго вукIинчIила. Гьединлъидал халкъалъе кутакалда рихарав чи вукIанила гьев.

Ханасул вукIанила цо васги–Залумхан. Гьевги вукIанила инсуда релълъарав, баракат бахъарав инсан.

Заман анила, кьоял сардаца, рии хаселалъ хисанила ва хан херлъанила. Живго холев вугеблъи лъан, ханас вас ахIанила аскIове.

—Дир вас, дир гIумру рагIалде щолеб буго,–ян абунила ханас,–гьанже дица гьаб ханлъи ва бечелъи толеб буго нахъе.

—Гьеб кинабго дие толеб буго дуца?!–ян вохун абунила васас.

— У, гьеб кинабго дуе..., –йин, хIухьел къалаго абун, калам рагIалде бахъизе щвечIого хан хванила.

Залимав хан хвараблъи лъайдал халкъ парахалъанила, амма гIадамазда лъалаан ханасул вас жиндир инсудасаги хъантIарав, къабихIав, яхI-намус щиб бугеблъи лъаларев чи вугеблъи.

Залумхан ханлъун вахъидал парччахIлъиялъул иш-яшав букIаралдасаги квешлъанила. ГIадамазул гIумру тIадеги захIмалъанила. КIудияб бечелъиялъ бецIлъарав ханасе сундулниги ургъел букIинчIила.

РакIалдаго гьечIого бачIанила ракьул заман. ЦIадал ралароро рукIиналъ гIадамаз бекьараб цониги жо бижунеб букIинчIила. Хер-гIурччинлъи бакьван боцIи-хIайваналги ракьуца холел рукIанила.

Ханасул казнаялда гIарац лъугIулеб мехалъ, щидахарав Залумханица хIукму гьабула мадугьалихъ бугеб улкаялде чабхъен гьабизе. Къаси сардилъ Залумхан ва гьевгун цадахъ кIикього чи рахъанила къватIире ханасул хIукму тIубазе. Мадугьалихъ бугеб улкаялъул гIорхъоде щолаго гьезда бихьанила нохъо, гьениб хIухьбахъи



гьабизе пикру гьазул кканила. Нохъоялде жанире лъугIаралго гIажаиблъун хутIанила гьал: гьеб букIана месед-гIарцуца гIуцIцIун, маржаналъ ва жавгьаралъ жаниса къачIан.

—Гьабго щиб гIаламат?!–ан гьикъанила Залумханица.

Гьевгун цадахъ рукIараз берал кIвекIанила, бихьулеб хIикмалъи цебечIун бугиланги ккун.

—Гьаб макьу батила, уяб букIине ресго гьечIо,–ян абунила цояс.

—Унго макьу! Нилъ маргьуялъулъ гьечIелъул, гьадинаб хIикмат батизе,–ян абунила цогидас.

—Маргьу, макьу–кинаб лъаларо, гьаб кинабго таргьиниб бакIаризе кколеблъи хIакъаб жо,–абун кIалъанила лъабабилев.

—Рахъе къандалъаби! Хехлъи гьабе!

Гьанже Залумханица цебе чIезабунила месед-гIарцулъ вегун чагъир гьекъолев живго. Лъавуда вачIидал гьесда бихьанила цадахъ рукIараца хъантIадго бакIарулеб бугеблъи «гьесул» месед.

—ЧIа!–ян буюранила гьес,–Гьеб кинабго дир буго!

—Кин гьеб кинабго дур бугеб, бетIерчIахъад? Нилъеда гьабсагIаталъ батичIищ гьаб хазина?–ян гьикъанила гьез.

—Дун нужер хан вуго, нуж дир лагъзал руго, гьединлъидал гьаб нохъоги жаниб бугеб хазинаги дир буго! Кьокъго абуни, дица нужеда цебе хIисабкьей гьабизе кколаро,–ян гIамалкIодого абунила ханас. —Ракь те гьаниса!

Ханасда щцин бахъарал гIадамал гьабизе жо тIагIун нохъоялдаса къватIир лъугьанила.

Цинги гьоркьоб гьадинаб кIалъай кканила.

—ХъантIарав ханасе гIорцIиго лъалеб гьечIо.

—Лъалеб букIана нилъеда жиндир инсудасаги залимав чи гьав вукIин. ГIадада гуро цIарги гьасда Залумхан–зулмудул хан.

—Щиб нилъеца гьанже гьабилеб? Нилъер хьизан-лъимал, херал эбел-эмен ракьуца ва унтуца холел руго. Кинабниги хазина ханас ани, хIакълъунго хвела нилъги нилъер агьлуги.

—БитIараб буго дур,–абун кIалъанила гьезда гьоркьоса бищун херав. —Нилъеца хан чIвазе ккола, гурони нилъее хвасарлъи гьечIо.

—БитIараб! БитIараб!

Кканила гьазул хIукму хан кьижун ккедал тIолалго тIаделъун гьев чIвазе. Нохъоялда сверухъ рукIарал кIудиял ганчIазда нахъе рахчун гьал ч1анила.

Нохъоялда аск1ов г1адамго ватич1еб мехалъ, Залумхан паракъалъанила. Жиндие къаси х1инкъи бугеблъи лъаларев хан цо дагьаб заман ун хадуб кьижун кканила. Гьеб саг1аталда ганч1азда нахъан къват1ир лъугьун, жидерго мурад т1убазе нохъоялда жанире г1адамал анила. Ургъараб жо т1убан, къандалъаби месед-г1арцуца ц1ун, разиго русанила гьал жидерго хьизан-агьлуялда т1аде.

Гьелдаса нахъе гьеб ханлъиги т1егьанила, гьеб лъугьанила бищун бечедаб, берцинаб ва эркенаблъун.



**РагIикъотI**

**ГIебеде: 3.Аваразул халкъияв бахIарчи. 7. Авар литератураялъул классик ва лирик ХьахIабросулъа... 8. Дуниялалдаго бищун борхатаб мегIер. 9. МугIрузул улка.**

**ГIодобе: I. БатIи-батIиял халкъазул кIалзул гьунаралда абула... 2. Расул ХIамзатов гьавураб росу. 4. Расул ХIамзатовасул бищун машгьураб кечI.**

Гьаб рагIикъотI тIоцебе цIезабун редакциялде битIарал лъабгоязе букIине буго сайгъат.
***Ватсапалъул/ телеграмалъул номер: 89882722486***



## Уважаемые жители Ботлихского района

С мая по октябрь на территории Республики Дагестан проходит Операция "Мак"

Помните: незаконное культивирование наркосодержащих растений влечет уголовное, либо административную ответственность.

О фактах; касающегося незаконного оборота наркотических средств и психотропных веществ, культивирования наркосодержащих растений сообщайте по тел.: 887-271-2-20-32; 99-48-30; моб. 8-909-481-33-62.

Анонимность гарантируется.




**Гьумер хIадур гьабуна М.МухIамадовалъ**